“ҒӘРИП-АШЫҚ” ДӘСТАНЫ МИЛЛИЙ ВЕРСИЯЛАРЫНЫҢ ҮЙРЕНИЛИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

Есебаев Марат Матекович – *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
marat.esebaev1963@gmail.com
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

ВОПРОСЫ ИЗУЧЕНИЯ НАЦИОНАЛЬНЫХ ВЕРСИЙ ДАСТАНА «ГАРИБ-ОЧИК»

Есебаев Марат Матекович – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза

ISSUES OF STUDYING THE NATIONAL VERSIONS OF THE DASTAN “GARIB-OCHIK”

Esebayev Marat Matekovich – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz

Таянч сўзлар: фольклор, достон, жиров, бахши, версия, вариант, этнография, миллий, қадимги, ҳаёлий, сюжет, образ.

Резюме. Ушбу мақолада қорақалпоқ халқ достонларидан бири «Ғариб-ошиқ» достонининг тўпланиши, ёзиб олиниши ва миллий версиясининг шу кунгача илмий нуқтаи назардан ўрганилиши ҳақида илмий фикрлар таҳлил қилинади. Шу билан бирга, «Ғариб-ошиқ» достонининг миллий версияси яратилишида халқ бахшиларининг тутган ўрни кўрсатилади. Достоннинг ғояси, мавзуси, бадиий ўзига хослиги, унинг халқчиллиги ҳақидаги олимларнинг тадқиқотлари ва достонга берган баҳолари ўрганилади.

Ключевые слова: фольклор, дастан, жырау, бахши, версия, вариант, этнография, национальный, древний, фантастический, сюжет, образ.

Резюме. В данной статье анализируются научные взгляды на сбор, запись и изучение национальной версии одного из каракалпакских народных дастанов «Гариб-очик» с научной точки зрения до наших дней. Вместе с тем показана роль народных сказителей в создании национальной версии дастана «Гариб-очик». Изучаются идея, тема, художественное своеобразие дастана, исследования ученых о его народности и их оценки дастана.

Key words: folklore, epic, zhyrau, bakhshi, version, variant, ethnography, national, ancient, imaginary, plot, image.

Summary. This article analyzes scientific views on the collection, recording, and scientific study of the national version of the Karakalpak folk epic "Garib-Ochik" from a scientific perspective to the present day. At the same time, the role of folk bakhshis in the creation of the national version of the dastan "Garib-Ochik" is shown. The idea, theme, artistic originality of the epic, the research of scholars on its popularity, and their evaluations of the epic are studied.

Кириспе. XX-әсирдиң 1930-жылларынан баслап қарақалпақ халқының тарийхы-этнографиялық, әдебий-лингвистикалық, мәденияты, социаллық турмысы ҳәм этнографиясы менен әдебий-фольклорлық материалларын жыйнаў, әсиресе, солардың ишинде, жыраў-бақсылардан дәстанларды жазып алыў ислери сол күнниң әҳмийетли мәселелериниң бирине айланды ҳәм бул бойынша үлкен комплексли илим-изертлеў жумыслар алып барыў басланды.

1932-жылы Қарақалпақстан хүкиметиниң өтиниши бойынша Россия илимлер Академиясының Шығыстаныў институтының академиги А.Н.Самойлович басшылығында қарақалпақстан тарийхын үйрениў ҳәм жазыўға, изертлеўге байланыслы қарақалпақ тилин, мәдениятын ҳәм әдебиятын жайнаўға бир топар орыс илимпазлары келеди. Сол жылдан өзинде орыс тюрколог ҳәм тарийхшы илимпазларынан В.И.Вертегов, П.П.Иванов, С.Е.Малов, А.А.Воробков, А.А.Гнеденко ҳәм тағы басқалары қарақалпақ жерине келип, олардың илимий изертлеў жумысларына жергиликли жас илимпазлардан Бақыев, Айымбетов, Айтешов, Ибадуллаев ҳәм басқада илимий хызметкерлер, лоборант сыпатында бекитилип, жаңа басланып атырған тарийхый-этнографиялық, фолькорлық, әдебий-лингвистикалық экспедицияларға қатнасып, тарийхый, әдебий-фольклорлық материаллар жыйнаған [1:11-12].

Елимизде комунистлик сиясатының алып барылыўы, халықтың жәмийетлик-сиясый турмысында өзгерислердиң болыўы, халықта бир қанша қыйыншылықлардың жүз бериўине алып келди. Деген менен бул алып барылған сиясий өзгерислердиң пайдалы тәреплери де болды. Мысалы, 1934-жылы Москвада Жазыўшылар аўқамының I съездиң өткерилиўи, онда М.Горькийдиң: “Өз фольклорыңызды жыйнаңыз, оннан үйрениңиз, оны қайта ислеңиз. Ол сизлерге де, бизлерге де ҳәм шайырлар, прозайклерге де күтә үлкен материал береди. Бизлер өтмишти қаншама жақсы билсек, бизлер дөретип атырған ҳәзиргиниң үлкен әҳмийетин сонша жеңил, сонша терең ҳәм қуўанышлы түсинемиз” [2:729] – деген еди. Қарақалпақстан аймағында жоқ етилген миллий мәдений мийрасларды ел ишинен қайтадан жыйнаў, жазып алыў, және де жергиликли баспа сөзлерде жәриялаў ислери басланды.

Әдебиятлар анализи ҳәм методологиясы. Профессор С.П.Толстов қарақалпақ халқының әййемги ата-бабаларының сақ массагет қәўимлери екенин айта келип ҳәм ол қарақалпақларды Арал бойының ески отырықшы халқы деп баҳалаған. “Сонлықтанда С.П.Толстов “Қырық қыз” эпосында ески дәўир қатламларын көре билди. Ол “Фракия-массагет мәдениятының традициясы менен қарақалпақ дәстаны “Қырық қыз” дың әййемги қатламларының байланысы болыўы керек. “Қырық қыз” да детальларын сақлаў менен амазонстводан пайда болған класслардың өсип шығыў системасына байланыслы амазонкалар сюжети әдеўир айқын көринеди ҳәм онда Томарис ханшаның массагет эпосының жаңғырығын көриў мүмкин” [3:108.] – деп жазады. Қарақалпақ эпосларының дереклери әййемги дәўирлер менен байланыслы екенин дәлиллеп ҳәм Арал бойының ертеден киятырған

отырықшы халықлар екенин көрсетип оған үлкен баҳа береди.

1933-жылғы рус илимпазы профессор А.А.Соколов, профессор Т.А.Жданколар басқарған узақ жыллар даўамындағы Хорезм экспедициялары да Қарақалпақ халқының аўыз әдебиятының үлгилерин ҳәм лингвистикалық, тарийхый этнографиялық материалларды жыйнады. Олар қарақалпақ фольклористикасы, оның гейпара жанрлары бойынша баҳалы пикирлер айтып, фольклор тарийхының дәслепки бетлерин илимий түрде ислеп берди [4:56].

Т.А.Жданконың 1950-жыллары Москвада басылып шыққан "Очерки исторической этнографии каракалпаков" деген мийнетинде қарақалпақлардың көпшилик эпосының орта әсирдеги алтын орда ҳәм Ноғайлы дәўирин сөз ететуғын "Едиге" ҳәм тағы басқада эпослардың киретуғынын белгилейди [5:109].

Қарақалпақстанда 1930-жылы илим изертлеў институты ашылды. Бул қарақалпақ илими ушын оғада қуўанышлы жағдайлардың бири болды. Себеби өзимиздиң жергиликли илимпазлар тәрепинен фольклорлық материалларды жыйнаў ҳәм үйрениў, оны тематикалық жанрларға бөлип қараў, және оның сиясий-жәмийетлик әҳмийетин ашып бериў бойынша дәслепки илимий изертлеў тийкарында дәслепки мақалалар пайда бола баслады.

Н.Дәўқараевтың "Қарақалпақ фольклоры", "Алпамыс дәстаны", Қ.Айымбетов, О.Кожуров "Қарақалпақ әдебиятының түрлери", О.Кожуров "Қырық қыз дәстаны", "Қарақалпақ фольклоры жөнинде изертлеўлер", "Қырық қыз дәстанының тарийхый дереклери", Қ.Айымбетовтың 1939-жылы "Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы" журналының №3 (36) санында "Қарақалпақ фольклоры" атлы, усы жылы сол журналдың №4 (37) санында мақалалары жәрияланды [6:35.] Бул мақалада аўыз әдебиятын қалай пайдаланыў ҳәм оны баҳалаў ҳаққындағы дәслепки мийнетлер еди. Соның менен бирге қарақалпақ фольклорын түрлерге бөлип, жанрлық өзгешеликлерин ашып көрсетиўге ҳәрекет етеди.

Талықлаўлар ҳәм нәтийжелер. Усындай халық аўызеки әдебияты бойынша илимий мақалалар, илимий изленислер алып барылды. Қарақалпақ халық дәстанларының изертлениўи ҳаққында сөз болғанда, соның ишинде "Ғәрип-ашық" дәстаны бойынша да айтылған айрым илимий пикирлерге нәзер аўдарамыз. Н.Дәўқараевтың илимий мийнетинде "Ғәрип-ашық" дәстаны бойынша айрым пикирлер билдирип өтеди. Мысалы, Көпшилик дәстанларда әсиресе ашықлық дәстанларда қаҳарман патшаның ямаса ўәзирдиң қызына ашық болады барлық ҳәдисе геройдың қызды алыў жөниндеги ислерин, көрген қыйыншалықларын тәрийиплеўден артпайды. Бул жағынан қарағанда дәстанлардың көпшилиги, батырлық жырлардай болған тарийхый ҳәдийселердиң тийкарында емес, қыялый-фантастикалық ертеклердиң тийкарында жарыққа шыққан қусап көринеди. "Ғәрип-ашық" дәстанында шаҳ Аббастың қызы Сәнемге ўәзир Ҳасанның баласы Ғәрип ашық болады. Шаҳ Аббас қызын Ғәрипке бермейди. Әкеси Сәнемди шаҳ Валидке бермекши болады. Сәнем Ғәриптен үмит үзбейди. Атасынан жети ай той-тамаша бериўин сорайды. Тойдың ақырғы күни Ғәрип дийўана болып келип Сәнемге жолығады ҳәм оған үйленип мурадына жетеди [7:317-318.] Илимпаз ашықлық дәстанлары менен қаҳарманлық дәстанлардың композициялық көркемлик, иделық жақтан өзгешеликлерине айрықша тоқтап өтеди. Онда "Ғәрип-ашық" дәстанның айрым сюжетлери реаллыққа жақын, бирақ дәстанның айрым мотивлери қыялый фантастикалық сүўретлеў усылларының орын алғанын атап көрсетеди.

О.Кожуровтың илимий мийнетинде, қарақалпақ халық дәстанларына харатеристика берип өтеди ҳәм соның менен бирге "ашықлық" дәстанларына да тоқтап өтеди. Мәселен, "Үшинши дүркинге әдебий дәстанлар, қарақалпақлар арасында китап, қолжазба түринде таралып ҳәм бақсылар тәрепинен атқарылып келген дәстанлар жатады. Оларға "Ғәрип-ашық", "Ҳүрлиха-Ҳамра", "Саятхан-Ҳамра", "Юсуп-Ахмет", ҳәм "Гөруғлы" дәстанлары киреди", [8:27-28.] – деп баҳа береди. "Ғәрип-ашық"дәстаны бойынша арнаўлы изертлеўлер болмады, бирақ қарақалпақ ашықлық дәстанларының қарақалпақлар арасына келиўи, халық бақсыларының репертуарынан орын алыўы ҳаққында улыўмалық пикирлер айтылып келинеди.

Н.Дәўқараев қарақалпақ халқының арасында кең таралған дәстанларды сюжет линиясына, мазмунына, қаҳарман характерине, көркемлик, стили, қурлысына ҳәм басқа да өзгешеликлерине қарап үш топарға бөлип қарайды. Соның үшинши топарына "Ашық-Ҳамра", "Ҳүрлиха", "Саятлы-Ҳамра", "Ширин шакар", "Ғәрип-ашық Шасанем" ҳәм басқалар киреди. Булардың сюжети, мазмуны ашықлық мотивлери менен толы. Булардың көркем тили ҳәр түрли теңеўлер, аўыстырыўлар, метафора, юмор, сатира ҳәм басқада сүўретлеўлерге оғада бай. Бул дәстанлардың ишинде "Ғәрип ашық Шасанем" қарақалпақ халқының арасында оғада кең таралған ҳәм халық сүйип тыңлайды [9:322-323]–деп көрсетеди. Мине көрип турғанымыздай "Ғәрип-ашық" дәстаннына айрықша баҳа берип өтеди. Деген менен "Ғәрип-ашық" дәстаны арнаўлы изертленбегени менен басқа да дәстанлар қатарында көрип өтилип айрым қалыс пикирлер ол ҳаққында айтылып өтиледи.

1950-1960-жыллары дәстанларды жыраўлардан-бақсылардан жазып алып бастырып шағарыў ҳәм сол тийкарда айрым илимий мақалалар жазылып барылды. Усы 1960-жылы биринши мәртебе "Ғәрип-ашық" дәстаны басылып шықты. "Дәстанға қысқаша алғы сөзди Т.Сейтжанов, ҳәм А.Каримов жазған. Баспа сөзде сол жылы "Совет Қарақалпақстаны" газетасында Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов, И.Юсуповлардың дәстанның баспасы жөнинде критикалық мақаласы басылады. Деген менен кемшиликлерине қарамастан бул вариант белгили дәрежеде әҳмийетке ийе. Тәжимуратовтың хабарлаўына қарағанда ол бул нусқаны Ещан бақсы ҳәм Қудайберген бақсылардың аўзынан жазып алған. Сондай-ақ дәстанды баспаға таярлаўда өмиринше "Ғәрип-ашық" ты қысса қылып оқыған Хожелиши Балтабай қыссахан менен бирге отырып дәстанның текстин көзден өткерген", [10:142] – деп көрсетеди.

Ҳақыйқатында да усылай болған да болыўы мүмкин, себеби ҳәр бир бақсы өзиниң шеберлигине, уқыплығына байланыслы болып, олар дәстынды қарақалпақ миллий колориди менен терең суўғарып,

оны өзлери көркемлик ҳәм сюжетлик жақтан жетилистирип байытып барғанлығына гүман жоқ.

Қ.Айымбетовтың “Халық даналығы” атлы мийнетинде бақсышылық өнери қарақалпақларға Орта Азия халықларынан кирген, қарақалпақлар бақсышылықты Хорезимли өзбеклерден, түркменлерден үйренген. Бурыннан киятырған жыраўшылық өнериниң үстине бақсышылық өнери қосылып, қарақалпақлардың көркем өнери байыған, жырлайтуғын репертуўарлары кеңейген. Қарақалпақ халқы ески Хорезим мәдениятын ҳәр тәреплеме үйренип, оннан пайдаланған. Нәтийжеде “Ғәрип-ашық”, “Юсуп-Ахмет”, “Гөруғлы” сыяқлы дәстанлар қарақалпақ бақсыларының негизги репертуўары болып қалған, [11:79-80.] - деп көрсетеди. Бул дәстанлар қарақалпақ бақсыларыдың өз халқының миллий көзқарасына ылайықластырып қайта ислеўи нәтийжесинде, олардың репертуарынан мәнги орын алып қалды. Әлбетте, буған қарақалпақ бақсыларының шеберлиги, айрықша талантлығы, олардың халық руўхый байлығын сүйиўи ҳәм қызығыўшылығы тийкарғы орынды тутқан болса, олардың мийнети усы тәреплери менен айрықша баҳаланады.

Усындай илимий изертлеўлер ҳәр түрли көзқарстан, үйренилип даўам еттирилип келинди. Қ.Камаловтың “Қарақлпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы” деген илимий мийнетинде де, усы халық дәстанларының, соның ишинде қарақалпақ халқының арасында кең таралған ашықлық дәстанларында конфликт, сюжет бағытының тийкарына енген ўақыялар ҳәм қаҳарманлар ҳәрекетиндеги реаллықларын анализ етеди. Мәселен, “Ғәрип-ашық” дәстанында сюжет хан менен ўәзирдиң ақлай қуда болыўынан басланады. Ғәрип пенен Шәсәнем ержете келе хан қызын Ғәрипке бергиси келмейди. Себеби, Ғәриптиң әкеси Ҳәсен ўәзир өлип қалған еди. Ғәрип жат журтларға кетеди. Қызы Ғәрипти сүйеди. Ғәрип көп қыйыншылықлыр менен Шәсәнемге қосылады. Дәстанларда кем-кемнен адамзаттың санасының тәбият ҳәм жәмийет ҳаққында реаль түсиниклериниң раўажланыўы менен бирге өмирди өз формасында, шынлыққа сай сүўретлеў тәжирийбелери пайда бола баслады”, [12:36] – деп көрсетеди.

С.Баҳадированың “Қарақалпақ халық дәстанлары” деген илимий мийнетинде Жуман бақсының репертуарына тоқтай отырып “Жуман жас ўақтынан баслап қарақалпақ жыраў, бақсыларының айтқан дәстанларына қызығады. Ол атақлы қарақалпақ бақсысы Муўса бақсының шәкирти болған. Соның менен бирге Ақымбет бақсы, Еденбай бақсы, Байнияз бақсы сыяқлы атақлы бақсылардың да репертуарын үйренген. Жуман бақсының репертуарында “”Хұрлиха-Ҳәмира”, “Саятқан- Ҳәмира”, “Ғәрип-ашық” дәстанлары болған”, [13:297] - деп көрсетеди. Илимпаз “Ғәрип-ашық” дәстанына арнаўлы түрде анализ етпегени менен ашықлық дәстанлардың бақсылар репертуарынан орын алғанлығы ҳаққында айтқан. Буннан көриўимизге болады “Ғәрип-ашық” дәстаны қарақалпақ халқының сүйип тыңлайтуғын дәстанларының бири екенлиги айқын көзге тасланады.

“Ғәрип-ашық” дәстаны халық арасына кеңнен сиңисип кеткенлиги соншелли, ол ҳәр бир бақсының репертуарынан беккем орын алып қоймастан, ал оның қосықлары ҳәр бир жас жигит қызлардың жүрегиниң төринен жай алған. Ышқы-муҳаббат ҳаққындағы өткен дәўирдеги ең жақсы қосықлар туўралы сөз болғанда, биринши нәўбетте “Ғәрип-ашық” дәстанындағы гөззал лирикалық қосықларды еслейди. Соның ушын да халықтың ядында мәңги мөҳирленип қалған, оларды халық сүйип тыңлаған ҳәм оның жақсы көрип айтқан. Дәстанның халық кеўлинен жай алыўы себепли олар әсирлер даўамында аўыздан-аўызға өтип, тыңласа шадлығы, оқыса руўхый азығы болды.

Лиро-эпикалық дәстанлардың басқа да қоңсылас туўысқан халықлар арасында узақ ўақытлардан берли пайда болып айтылып келген болса, қарақалпақ халқы да усы туўысқан халықлар менен бирге жырлап атқарып келеди. “Ғәрип-ашық”тың қарақалпақ версиясының пайда болыўында атақлы қарақалпақ бақсыларының, атақлы қарақалпақ сазенделериниң ролин жоқары баҳалай отырып, бул ҳаққында Қ. Мақсетовтың “Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери” деген мийнетинде, “Ғәрип-ашық” дәстанын бақсылар менен қосылып пүткил халық айтады десек болады. Өткендеги қарақалпақ бақсылары – Ақымбет пенен Муўсадан баслап бизиң заманымыздың ең ири бақсыларынан есапланған Ещан бақсы менен Жапақ бақсыға дейинги қарақалпақ сөз шеберлериниң барлығы дерлик “Ғәрип-ашық” дәстанын сүйип айтқан ҳәм өз алдына қарақалпақ версиясының сөз жағынан болсын, саз жағынан болсын, қәлиплесиўине үлкен дөретиўшилик мийнет ислеген. Сондай-ақ “Ғәрип-ашық” дәстанының қарақалпақлар арасына кең таралып, оның өз алдына бир миллий версиясының пайда болыўында, Әжинияз бенен Бердақтан баслап, Аяпберген, Аббаз, Садыққа ҳәм тағы басқа халық шайырларына шекемги жазба ислерине тиккелей қатнасы бар үлкен сөз шеберлериниң айрықша роли бар” [14:280] – деп жоқары баҳа береди. Дәстан бойынша усындай илимий изертлеўлер алып барылды ҳәм айрым илимий пикирлерде билдирилди.

Жуўмақ. Улыўма жуўмақластырып айтатуғын болсақ “Ғәрип-ашық” дәстанының кең өрис алып халыққа жайылыўына халық бақсылары менен халық шайырларының хызметлери уллы болды. Олар өзлериниң уқыплылығы айрықша талантының арқасынан дәстанның миллий версияларын қәлиплестирди ҳәм раўажландырды. “Ғәрип-ашық” дәстанының миллий версиялары усы күнге шекем арнаўлы түрде изерленбеди. Бирақ дәстан ҳаққында илимпазларымыз тәрепиенен айрам илимий пикирлер болды. Ертеде яғный XVIII әсирдиң орталарынан баслап орыс изертлеўшиси Н.Н.Муравьев Хийўаға еткен сапарында “Ғәрип-ашық” тың ертеклик варианты ҳаққында айтады. XX әсирге келип С.П.Толстов, Т.А.Жданко, В.М.Жирмунский, Х.Т.Зариповлар ҳәм өзимиздиң жергиликли илимпазлардан Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетоа, И.Сағытов, О.Кожуров, Қ.Мақсетов, Қ.Камалов, С.Баҳадырова, А.Алымов, Қ.Мәмбетназаровлар илимий көзқарастан дәстанның халықшынлығына, идеялық, тематикалық ҳәм көркемлик өзгешелигине айрықша баҳаларын билдирген.

Әдебиятлар

1. Пахратдинов Ә. Әжинияз шайырдың көркемлик дүньясы. – Нөкис: “Қарақалпақстан” 2014.
2. Горький М. О литературе: литературно-критические статьи. – Москва: “Советский писатель”, 1953.
3. Мақсетов Қ.Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1989.
4. Мақсетов Қ, Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1979.
5. Мақсетов Қ.Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1989.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1977.
7. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II-том. «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери». – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1977.
8. Кожуров О. Шығармалары. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988.
9. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II-том. «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери». – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1977.
10. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1968.
11. Айымбетов Қ, Кожуров О. Қарақалпақ әдебиятының түрлери. // “Қарақалпақ әдебияты хәм искусствосы” журналы, 1939, № 4. 79-80-б.
12. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988.
13. Баҳадырова С. Қарақалпақ халық дәстанлары: “Қырық қыз”, “Алпамыс”, “Қоблан”, “Едиге”. – Тошкент: “Anorbooks”, 2024.
13. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: “Билим” 1996.